ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№20 (24.458) • 2023 гъэм мазаем (февралым) и 18, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ •

## Зэи тщыгъупщэнукъым

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ «Кавказым папщIэ ди псэр ттынут» щIыналъэ хэкупсэ Iуэхум. Ар теухуат Iуащхьэмахуэ лъапэ нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIахыжрэ, апхуэдэуи СССР-м и къэрал ныпыр Iуащхьэмахуэ и щыгум зэрыщагъэуврэ илъэс 80 зэрырикъум. Мы Iуэхур Iуащхьэмахуэлъапэ махуищкIэ щекIуэкIыну щIалэгъуалэ хэкупсэ фестивалым хиубыдэу аращ. Ар къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм, Iуащхьэмахуэ щIыналъэ администрацэм, УФ-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и къудамэхэм.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, 1943 гъэм и мазаем Гусев Александррэ Гусак Николайрэ я унафэм щIэту совет дзэлI-альпинист 20 Iуащхьэмахуэ дэкIуеяуэ щытащ. Мазаем и 13-м дунейм и щытыкIэр хуабжьу къызэIыхьа пэтми, Iуащхьэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэр къаубыдыжат.

Альпинистхэм къагъэна Iэрытхым итщ: «Мы дэкIуеигъуэр Кавказыр Гитлер и цIыхухэм къаIэщIэхыжыным, Дзэ Плъыжьыр илъэс 25-рэ зэрырикъум тедухуащ. Ди гупым нэмыцэфашист бэракъыр къыхэтчыжри, СССР-м и нып плъыжьыр хэттIащ». Мазаем и 17-м ди къэрал ныпыр Iуащхьэмахуэ и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щагъэувауэ щытащ.



А Iуэхуращ метр 3800-рэ лъагапIэм деж тет «Iуащхьэмахуэ зыхъума лIыхъужьхэм папщIэ» фэеплъыр щIагъэувари. Абы тетхащ Совет Союзым и ЛIыхъужь 219-м я цIэхэр. Зи гугъу тщIы фэеплъ иныр Луганск щагъэхьэзырри, абы щыщ альпинистхэм ягъэувыжауэ щытащ 1987 гъэм.

Iуащхьэмахуэ хуит къызэращIыжауэ щытам траухуащ лъэрыжэхэм я «зекIуэри». Ахэр, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, ТекIуэныгъэм и бэракъыр яIыгъыу, «Кругозор» станцым къыщыщIэдзауэ Азау нэс къежэхащ.

1942 - 1943 гъэхэм Iуащхьэмахуэ деж щыхэкIуэдахэм я фэеплъ сыну Терскол дэтым пэкIу щекIуэкIащ а махуэм.

«Зы цIыхуи, зым и лIыгъи зэи тщыгъупщэнукъым. Фашизмэм текIуэн, ди къэралым къэкIуэн дахэ иIэн папщIэ зи псэ зыта лIы хахуэхэм я фэеплъыр сыт щыгъуи дигу илъынущ», - щитхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

## «Псори ТекIуэныгъэм папщIэ!»

**Ар зи фIэщыгъэ псапащIэ телемарафон КъБР-м и Музыкэ театрым дыгъуасэ сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ сыхьэт 18 пщIондэ щекIуэкIащ. Хэкум и хъумакIуэм и махуэм и пэ къихуэу, Iуэхур къэралым и щIыналъэ псоми къыщызэригъэпэщащ Урысейпсо цIыхубэ фронтым, зауэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм зэрадэIэпыкъуну ахъшэ зэхалъхьэн папщIэ.**

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин зэхыхьэр къыщызэIуихым, кърихьэлIахэм ягу къигъэкIыжащ илъэс ипэкIэ дзэ операцэр ирагъэжьауэ зэрыщытар икIи абы цIыху мин бжыгъэхэр зэрыхэтыр.

- Зы хэкущ диIэри, Урысейм папщIэ дызэкъуэвгъэуви, ди щIалэхэм дадэвгъэIэпыкъу! - жиIащ министрым.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий жиIащ республикэм икIауэ лIыгъэрэ хахуагъэрэ къэзыгъэлъагъуэ щIалэхэм яхуэтщI гулъытэм, абыхэм дазэрыдэIэпыкъум мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Хэку зауэшхуэ нэужьым къэхъуахэм цIыху гъащIэм, хэщIыныгъэм я уасэр зыхыдощIэ. Урысейм дунейр фашизмэм къригъэлащ, Европэм щыпсэухэм ар ящыгъупщэжами, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

Телемарафоным хыхьэу республикэм и артист цIэрыIуэхэм концерт гукъинэж ятащ. Псапэ Iуэхум зыкърезыгъэхьэлIахэр QR-код хэхамкIэ абы хэтащ. Къыщыхаха ахъшэмкIэ Хэкум и хъумакIуэм и махуэм ирихьэлIэу саугъэтхэр хуащIынущ Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм щыIэ щIалэхэм. Апхуэдэхэщ зыхуеину автомобилхэр, квадрокоптерхэр, Iэщэхэр, хущхъуэгъуэхэр, фэилъхьэгъуэхэр, вакъэ хуабэхэр. Нобэ ирихьэлIэу а Iуэхум хыхьэу къэралым щызэхуахьэсащ сом мелардитхум нэблагъэ.

Марафоныр «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-мрэ («1 КъБР»), Къэбэрдей-Балъкъэр радиомрэ эфир занщIэхэмкIэ къатащ. СыхьэтиплIым къриубыдэу екIуэкIа Iуэхум жыджэру хэтащ республикэм и IуэхущIапIэхэм щыщхэр, волонтёрхэр, артистхэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*







КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-Iуэхущiапiэхэм къызэратамкIэ



# ТхузэфIэмыкIын къытпэщылъкъым

**КIуэкIуэ Казбек Шэджэм щIыналъэм и унафэщIхэм яхуэзащ. ЗэIущIэм кърихьэлIащ щIыпIэ самоуправленэм, муниципальнэ IуэхущIапIэхэм, цIыхубэм я лIыкIуэхэр.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм щIыналъэм щыщхэм я упщIэхэм гунэсу жэуап яритащ. КIуэкIуэ Казбек цIыхубэм фIыщIэ яхуищIащ зауэ Iуэху щхьэхуэм хэтхэм я хьэтыр ялъагъуу, дзэм хагъэхьахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрызыщIагъэкъуам папщIэ.

Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм и унафэщI Борсэ Юрэ къэпсэлъащ, илъэсищым ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэр къызэщIиубыдэжу. Лъэпкъ проектхэр ягъэзащIэкIэрэ, Шэджэм школыщIэ дащIыхьащ, мы илъэсым иджыри яухуэнущ цIыху 800 зыщIэхуэну еджапIэ. Сабий IыгъыпIэу 6 яутIыпщащ, къуажэхэм ЩэнхабзэмкIэ я унэхэр щызэрагъэпэщыжащ, Нартанрэ Булунгурэ апхуэдэхэр щIэуэ дащIыхьащ. Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм зыщIэгъэкъуэнымкIэ программэм ипкъ иткIэ, ХьэцIыкIу А. и цIэр зезыхьэ Шэджэм сымаджэщым епха поликлиникэр зыхуей хуагъэзащ, машини иратащ. Звёздный жылагъуэм амбулаторэщIэ щаухуэнущ. Дызэрыт илъэсым я мурадщ къуажэ къэс спорт IуэхущIапIэхэр щрагъэфIэкIуэну.

Гъуэгу ухуэныгъэм и IуэхукIэ 2023 гъэм зи ужь ихьахэм язщ Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу гъуэгур. Фигу къэдгъэкIыжынщи, а проектым арэзы техъуауэ щытащ 2022 гъэм и мэкъуауэгъуэм КIуэкIуэ Казбек Путин Владимир щыIущIам щыгъуэ. Илъэсищым и кIуэцIкIэ гъуэгум щыщу километри 110-рэ зэрагъэпэщыжакIэщ. Зыхуей хуагъэзэжащ Шэджэм псыежэхым телъ лъэмыжымрэ щIыщIагъ зэпрыкIыпIэмрэ.

Нэхъ пасэу КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуауэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэу итыну къалъытэ, илъэс хъурейм пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ щагъэкIыфыну хадэ щIэхъумахэр. Абы и япэ Iыхьэр гъэмахуэм яутIыпщынущ. Зэрыщыту лэжьэн щыщIидзэнур 2024 гъэрщ. А IуэхущIапIэм лэжьапIэщIэу мини 2-м нэс къыщызэIуахыфынущ, езыр республикэм и мылъкум хилъхьэну налогхэмкIи щхьэпэнущ.

Шэджэм абджхэкIхэр къыщыщIагъэкI заводыр зэрагъэпэщыжауэ, щIыналъэ куэдым кумбыгъэхэр яхурегъашэ. Джэдыл къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэщIэ яутIыпщащ. Жыджэру зеужь Iэщ гъэхъупIэхэм, хадэхэкI гъэтIылъыпIэхэм, гъэфIэIупхъэхэм елэжь промышленностым. «Шэджэм муниципальнэ щIыналъэм илъэсищым и кIуэцIкIэ къыхуаутIыпща мылъкум процент 47-кIэ хэхъуащ, нэгъуэщIу жыпIэмэ - сом мелуан 487-кIэ. 2022 гъэм бюджетым къыхэхъуар сом мелардрэ никъуэм щIигъуащ, 2019 гъэм ар сом мелардым мащIэу щIигъуу арат. АпщIондэху езы щIыналъэм и хэхъуэр сом мелуани 100-кIэ нэхъыбэ хъури, 2022 гъэм и кIэм ар сом мелуан 534-м нэсащ», - жиIащ Борсэ Юрэ.

ПсэупIэ-коммунальнэ къудамэми лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI. Шэджэм щIыналъэм щыщу лъапсэ 370-м газ ирашэлIащ. «Псы къабзэ» федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, щIыналъэм и мылъкум къыхэкIыу жьы хъуа псы зекIуапIэ бжьамийхэр яхъуэжащ. Лашынкъейрэ Нартанрэ псыр зэрызэбграгъэкI ухуэныгъэхэр щIын щыщIадзащ.

ЗэIущIэм и кIэм КIуэкIуэ Казбек къызэхуэсахэм захуигъэзащ: «Дызытепсэлъыхьа псори тхуэщIэну защIэщ. ТхузэфIэмыкIын Iуэху къытпэщылъкъым. ФIы дыдэу къызгуроIуэ фи гукъеуэхэр. Лъэпощхьэпо нэхъыбэ здэщыIэхэмкIэ къыщIэддзауэ аращ, ауэ Шэджэм щIыналъэм щыщ адрей къуажэхэми дынэсынущ. Псалъэм папщIэ, иджыпсту иужь дитщ автобус зэгъэпэщахэр Налшык - Нартан - Шэджэм гъуэгум тедгъэувэныр къэрал унафэкIэ зэрыпхыдгъэкIыным. Мыбдежым гъуэгуанэшхуэ щыдэмылъкIэ, цIыхухэр Налшык нэхъ тыншу кIуэнущ абы и фIыгъэкIэ. Дызэкъуэтмэ, ди Президентым къытхуищI унафэ псори тхуэгъэзэщIэнущ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр - тщIэр къыддэфIыгъынырщ. Сыт нэхъри нэхъ лъапIэщ лъэпкъ куэду зэхэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэр. Хабзэ яхэлъу, ныбжьэгъугъэ, гъунэгъу жыхуаIэр зищIысыр ящIэу, лэжьыгъэми къыпимыкIуэту».

# Парламентым ирагъэблэгъат бэнакIуэ цIэрыIуэхэр

**Республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и унэм иджыблагъэ щыхьэщIащ алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Олимп джэгухэм тIэунейрэ щытекIуа, щэнейрэ дунейпсо чемпион, Европэм плIэнейрэ и чемпион Власов Романрэ 2008 гъэм Олимп джэгум щытекIуа, 2007, 2010 гъэхэм екIуэкIа дунейпсо чемпионатхэм домбеякъ медалыр къыщызыхьа Манкиев Назиррэ. КъБР-м и Парламентым и Президиумым хэтхэмрэ хьэщIэхэмрэ зэхуаIуэтащ алыдж-урым бэнэкIэм зегъэужьынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ хэкIыпIэхэр зыхуэдэр, ди республикэм и спортсменхэм къагъэлъагъуэ зэфIэкIхэр, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм урысей спортсменхэр къызэрыхагъэкIам зэреплъыр.**

РЕСПУБЛИКЭМ и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ хьэщIэхэм фIэхъус псалъэхэмкIэ захуигъэзащ икIи ди щIалэгъуалэм я гъащIэм спортым мыхьэнэшхуэ зэрыщиIэр къыхигъэщхьэхукIащ:

- Спортым щIэблэр зэщIэкъуауэ щытыным, текIуэныгъэхэм яхущIэкъуным, къэралым, республикэм, езыхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ жэуаплыныгъэ яхэлъу ябгъэдэтыным хуегъасэ. Абы къыхэкIыу иджы дунейпсо спортым щекIуэкIхэм узыщыгуфIыкIын хэлъкъым, сыту жыпIэмэ, спортыр зэи политикэм пыщIауэ щытын хуейкъым, - жиIащ Егоровэм.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Власов Роман мэлыжьыхьым Къыргъызстаным щыщ спортсмен цIэрыIуэ Махмудов Акжоу ебэнын зэрыхуейм икIи абы зыхуигъэхьэзырын папщIэ спортсменым Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрыхихам.

Власов Роман жиIащ ди щIыналъэм япэхэми къызэрыкIуар икIи мыхьэнэшхуэ зиIэ зэIущIэм зыхуигъэхьэзырын папщIэ КъБР-р къыщIыхихам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр ди деж зэрыщыIаращ. Абы къыхигъэщхьэхукIащ республикэм исхэм спортыр, хэхауэ къапщтэмэ, алыдж-урым бэнэкIэр фIыуэ зэралъагъур. Щыхьэту урикъунщ щIыналъэм бэнакIуэ ныбжьыщIэхэри цIэрыIуэ хъуа спортсменхэри зэрыщыкуэдыр.

Манкиев Назир республикэм и цIыхухэм хьэщIагъэшхуэ зэрахэлъыр къыхигъэщхьэхукIащ.

Егоровэ Татьянэ спортым зегъэужьынымкIэ Власов Роман куэд зэрызэфIигъэкIам икIи алыдж-урым бэнэкIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр дегъэхьэхынымкIэ иIэ фIыщIэм папщIэ КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр иритащ.

ЗэIущIэм и кIэухым спикерым хьэщIэхэм тыгъэ яхуищIащ республикэм теухуа тхылъ щIэращIэхэр. ИужькIэ псоми зэщIыгъуу сурэт зытрагъэхащ.



# Сом мелуан 530-м щIигъу Налшык къалэм хухах

**КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я зэIущIэ иригъэкIуэкIащ абы и унафэщI Мусуков Алий. Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэхэу Хъубий Мурат, Говоров Сергей, КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Къардэн Мурат сымэ. Абы щызэпкърахащ Iуэхугъуэ 14.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым щIы, мылъку зэхущытыкIэхэмкIэ и министр **Тэхъу Аслъэн** и гугъу ищIащ КъБР-м и Правительствэм и унафэкIэ къэрал мылъкум щыщхэр щIыналъэ мылъку зэращIым. Налшык къалэм иратащ сом мелуан 21-рэ мин 81-рэ зи уасэ Iэмэпсымэу 361-рэ, апхуэдэу Бахъсэн районым хуагъэкIуащ еджакIуэхэр къызэрырашэкI автобусу 5, сом мелуан 16-м щIигъу и уасэу.

КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министрым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Шаваев Ислъам** къызэхуэсахэм я пащхьэ кърилъхьащ министерствэм и коллегием хэтхэм ящыщ цIыху зыбжанэ зэхъуэкIыным теухуа унафэм и проектыр. Абы и щхьэусыгъуэр IуэхущIапIэм щылажьэхэм щIэуэ къэува, IукIыжа зэрахэтырщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм мылъку зегъэкIуэкIэм зэрыхащIыкIым 2020 - 2023 гъэхэм хэгъэхъуэн» щIыналъэ программэм КъБР-м исхэм я хуитыныгъэмрэ зэIузэпэщыгъэмрэ хъумэным кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэм щыщхэр хэгъэхьэн зэрыхуейм къыхэкIкIэ, проектыр зэраубзыхуар жиIащ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр **Рахаев Борис**.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ министр **Къалэбатэ Рустам** и гугъу ищIащ 2023 гъэм республикэм къыIэрыхьэну дэIэпыкъуэгъу псынщIэ машинэхэмрэ еджакIуэхэр къызэры-рашэкI автобусхэмрэ къеIызыхыну IуэхущIапIэхэр зэраубзыхуам теухуа унафэм и проектым. 2023 гъэм, УФ-м Промышленностымрэ сатум-кIэ и министерствэм зэрызэригъэзэхуам тету, ди хэгъэгум къыхуаутIыпщынущ дэIэпыкъуэгъу псынщIэ автомобили 10-рэ автобус 24-рэ. ДэIэпыкъуэгъу псынщIэу къагъэсэбэп машинэхэр - КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, еджакIуэхэр къызэрырашэкI автобусхэр КъБР-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм къазэрыIэрыхьэнур, щIыналъэ Правительствэм и пIэкIэ зэгурыIуэныгъэм абыхэм Iэ щIадзыну зэрыхуитым теухуа дэфтэрхэр ягъэхьэзыращ.

КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн** зи гугъу ищIа унафэм и проектыр зэхьэлIар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхэкIыу Налшык къалэм и мылъкум ахъшэ зэрагъэкIуэрщ, «ЩIыналъэ, щIыпIэ гъуэгухэр» проектыр гъэзэщIа хъун папщIэ. Абы щхьэкIэ Налшык къалэ бюджетым сом мелуан 530-рэ мини 150-м щIигъу хуаутIыпщынущ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



# Хьэрычэтыщ|э |уэхум нэхъри зрагъэужь

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иджыблагъэ яIущIащ ди республикэм щылажьэ хьэрычэтыщIэ щIалэгъуалэм. Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ щIыналъэм и мэкъумэш, турист, спорт, цIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэн, ухуэнытъэ, нэгъуэщI IэнатIэхэм хьэрычэт Iуэхум нэхъыфIу зэрызыщебгъэужь хъуну Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ.**

ЛЭЖЬЫГЪЭМ жыджэру хэтахэм утыку ирахьащ а Iуэхугъуэхэм ятещIыхьауэ яIэ мурадхэр, проектхэр, Iуэху зехьэкIэхэмкIи зэдэгуэшащ. Апхуэдэхэщ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз, «Си хьэрычэт IэнатIэ» центрым и унафэщI Дудуевэ Мадинэ, Кредит цIыкIухэмкIэ фондым и пашэ Дудар Хьэдис, ШэсыпIэ фондым и унафэщI Тхьэбысым Аскэр, «Урысейм и щIэгъэкъуэн» зэгухьэныгъэм и унафэщI Къылъшыкъуэ Альберт, «Iуэху щызэфIах УрысейД» зэгухьэныгъэм и лIыкIуэ Гузеевэ Индирэ, КъБР-м и Сату-промышленнэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ ГъукIэлI Мурат, «TG» компанием и пашэ Теунэ Мурат, ХъумапIэ банкым и щIыналъэ IэнатIэм и унафэщI КIэрэф Къамболэт, «Урысеймэкъумэшбанкым» и щIыналъэ IэнатIэм и унафэщI Сокъур Алим, «Промсвязьбанк»-м и щIыналъэ IэнатIэм и унафэщI Нэхущ Азэмэт сымэ.

«ХьэрычэтыщIэ Iуэхум пэрыт щIалэгъуалэм къыхалъхьэ проектхэм, я Iуэху еплъыкIэхэм гупсэхуу щыгъуазэ зыхуэтщIынущ, ахэр гъэзэщIэнымкIи щIэгъэкъуэн дыхъунущ», - къигъэгугъащ къызэхуэсахэр КIуэкIуэ Казбек.

Зэхуэсым зи гугъу щащIахэм ящыщщ дуней псом мы зэманым щыщыIэ геополитикэ щытыкIэри. Абы ехьэлIауэ КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ ди къэралыр зрагъэува экономикэ дэкъузэныгъэм зыужьыныгъэмкIэ IэмалыфIхэр къызэрыдэкIуар, дызэрыт щытыкIэ гугъум дыкъызэрикIыфынур. Къапщтэмэ, ди республикэм нэхъыбэ щыхъуащ хьэрычэт Iуэхум зезытахэм я бжыгъэр. Иужьрей илъэси 3-м къриубыдэу хьэрычэт мыинрэ курытрэ щызэфIах IуэхущIапIэхэм (МСП) 1600-рэ къахэхъуащ. Зи щхьэ Iуэху зезыхуэж хьэрычэтыщIэу зрагъэтхащ цIыху мин 58-м щIигъум. ИлъэситI ипэкIэ апхуэдэхэр зэрыхъуу щытар мин 13,6-рэщ. ЯIэ хэхъуэхэм къыхэкI налогыу илъэс блэкIам щIыналъэ бюджетым къихъуащ сом мелуан 40-м щIигъу, МСП-хэм апхуэдэ мылъкуу къабгъэдэкIащ сом мелард 1,6-рэ. А лъэхъэнэ дыдэм къриубыдэу МСП-хэм я мылъкум хагъэхъуащ процент 35-кIэ. 2022 гъэм ар хъуащ сом мелард 16,2-рэ.

ЩIыналъэ унафэщIым къызэрыхигъэщамкIэ, хьэрычэт IуэхущIапIэ мыинхэм, курытхэм зэфIах лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ республикэм жыджэру зыщаужь шхапIэ, хьэщIэщ, турист унэтIыныгъэхэм. Апхуэдэу КIуэкIуэм къыхигъэщащ Налшык и инфраструктурэмрэ и теплъэмрэ егъэфIэкIуэн зэрыхуейри. «Къалащхьэм и теплъэр нэгъуэщIу си нэгу къыщIохьэ. А унэтIыныгъэм зэгъусэу делэжьмэ, ди мурадхэм нэхъ щIэх далъэIэсынущ. Налшык къалэр къэдгъэщIэрэщIэн хуейщ лъэныкъуэ куэдкIэ, итIанэ абыкIэ зыгъэпсэхуакIуэ нэхъыбэ нэхъ къеплъэкIынущ. НэхъыщхьэращI, а Iуэхум зегъэужьынымкIэ Iэмалхэр щыIэщ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

Къалащхьэм игъуэт зыужьыныгъэм тепсэлъыхьу, КIуэкIуэ Казбек къыхигъэбелджылыкIащ абы хьэщIэщыщIэхэр зэрыдащIыхьар, зыгъэпсэхупIэщIэхэр, автомашинэ гъэувыпIэщIэхэр зэрыщаухуар, курорт Iуэхум зегъэужьынымкIэ Налшык хуэдэу псы хущхъуэхэмкIэ, узыншагъэм сэбэп хуэхъу минералхэмкIэ къулей щIыпIэ куэд зэрыщымыIэр. Ар къалэм и хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщщ.

«Налшык и инфраструктурэр егъэфIэкIуэнымкIэ куэд зэфIэдгъэкIащ, атIэми хуэдищкIэ нэхъыбэ зэдгъэхъулIэн хуейщ. БлэкIа 2022 гъэр мыIейуэ щытащ абы и лъэныкъуэкIэ. А Iуэхум адэкIи пытщэнущ, дызэгъусэу делэжьынущ Налшыки республикэри зэпэщ тщIыным. Дэ къетхьэжьэ Iуэхухэм пащэнщ дяужь къихъуэ щIэблэхэм», - гугъэфIхэр зыхэлъ апхуэдэ псалъэхэмкIэ зэхуэсыр зэхуищIыжащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

# Ди гум ихункъым Чурей Алий

● Щыгъуэ



**Дунейм ехыжащ адыгэгу, адыгэпсэ нэгъэса зиIа беслъэней щIалэ, Тыркум щыпсэуа, хэхэсымрэ хэкурысымрэ Iуэху дахэкIэ зэпищIэу зи гъащIэр зыхьа Чурей Алий. Ар хуабжьу ягу щIыхьауэ хъыбар къыдагъэщIащ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и тхьэмадэ Къанокъуэ Арсен, ЩIДАА-м щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсэу Сэфарбий, КъБР-м, АР-м, КъШР-м я цIыхубэ тхакIуэ, Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, ЩIДАА-м и вице-президент, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъщэнхабзэ автономием и тхьэмадэ Уэхъутэ Александр сымэ, нэгъуэщIхэми.**

ТЫРКУМ и Амасье вилайетым хиубыдэ Хьитамие (Чэнчыкъуей) жылэм Чурей Алий 1937 гъэм къыщалъхуащ. Анкара дзэ еджапIэ нэхъыщхьэр къыщиухри, дзэ къулыкъум пэрытащ. Ар адыгэу дунейм тетым къызэрацIыхур хьэтхэм я тхыдэр кууэ зэрищIэрт, я бзэр зэриджырт, а бзэм и псалъалъэ зэрызэхилъхьарт. Абы итхахэм ящыщщ «Адыгэхэмрэ динымрэ», «Адыгэхэмрэ КъуэкIыпIэ гъунэгъумрэ», «Адыгэхэмрэ хьэтхэмрэ», «ХьТ» зи дамыгъэ хьэтт-хьэтит лъэпкъыр ипэжыпIэкIэ зыщыщыр», «Пасэрей адыгэхэм я псалъэ», «Адыгэхэм я пасэрей тхыдэр», нэгъуэщIхэри. Къапщтэмэ, хьэтхэм, хьетхэм ятеухуауэ, философие, тхыдэ мыхьэнэ иIэу Алий къыдигъэкIа тхылъхэм я бжыгъэр 15-м нос. Псори зытеухуэжар дыкъызытекIа лъэпкъращ.

Чурейм и тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр къытехуэрт Тырку Республикэм адыгэхэм къыщыдагъэкI газетхэм, хэкум щытрадзэ «Iуащхьэмахуэ» (Налшык), «Зэкъошныгъ» (Мейкъуапэ) журналхэм, «Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Черкес хэку» (КъШР), «Адыгэ макъ» (АР) республикэ газетхэм, уеблэмэ Истамбыл щыIэ «Нарт» тхылъ тедзапIэм и редактор нэхъыщхьэуи щытащ.

Дэ тщIэркъым Алий хуэдэу адыгэр фIыуэ зылъэгъуа цIыху хамэ къэралхэм щыпсэуауэ. Езым и кIэтIий кIапэ къыпыкIауэ фIыуэ илъагъу ипхъу закъуэр хэкум къигъэкIуэжат, щеджэну, щыпсэуну. Дыжьын и адэр игъэщIэхъуакъым, щIэныгъи зригъэгъуэтри, филологиемкIэ кандидат, доктор диссертацэхэри пхигъэкIащ, унагъуэ ихьащ. Ар нэхъыбэу иужьрей зэманым зэлэжьар адыгэ-абхъаз лъэпкъхэм я макъамэ IуэрыIуатэрщ. Алий езыр зыхуеджар дзэ Iуэхут, танкистт, ауэ пасэу а къулыкъум къыхэкIыжри, адыгэ Iуэху фIэкIа зэримыхуэу иужьрей илъэс 40-м лъэпкъым хуэлэжьащ.

ПщIэ иIэу, и псалъэр ялъытэу, и щIэныгъэр къахуэщхьэпэу щагъэлъапIэрт ар хэкум. Ди ныбжьэгъур ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием япэщIыкIэ пщIэ зиIэ академикыу, итIанэ член-корреспонденту хагъэхьащ, иужьым ЩIДАА-м и академик хъуащ.

Куэд хуищIащ Алий адыгэ лъэпкъым. Къыщалъхуа къэралым абы щилэжьар пщалъэ гуэркIи къыпхуэлъытэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэнэ щыIами, япэ иригъэщыр фIыуэ илъагъу и лъэпкъырт. Иужьрей илъэсхэм и узыншагъэр нэхъ зэкIэлъымыкIуэ хъуат. Ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу, зэпимыгъэууэ и лэжьыгъэм иужь итт.

Дэ зэи тщыгъупщэнукъым Чурей Алий хэкум хуищIар. Ахърэт нэху Тхьэм кърит! АпхуэдэлI адыгэм къыхэкIыхукIэ, лъэпкъыр псэууэ аращи, Алыхьым иджыри къыдит ди къуэшым хуэдэ цIыху щэджащэхэр.

## Мы махуэхэм

**Мазаем и 18**, *щэбэт*

♦**Урысей Федерацэм и Транспорт полицэм и махуэщ**

♦**УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм дзэхэр зыхуей хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ къызэзыгъэпэщ и IэнатIэм и махуэщ**

♦**1924 гъэм** Налшык Лениным и цIэр зезыхьэ еджапIэ къалэ цIыкIу къыщызэIуахащ.

♦**1943 гъэм** Адыгэ Республикэр нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм къыIэщIагъэкIыжащ.

♦**1928 гъэм** къалъхуащ КъШР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Арэшыкъуэ Къанщауэ**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къуэдзокъуэ Хьэсэн**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ критик, литературэдж, УФ-мрэ Адыгеймрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, ЩIДАА-м и академик **ШащIэ Къазбэч**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 6, жэщым градус 0 - 3 щыхъунущ.

**Мазаем и 19**, *тхьэмахуэ*

♦**Джейхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1954 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Кърым областыр РСФСР-м хагъэкIри, Украинэм иратащ.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ адыгэ макъамэдж **Къардэн Юлие**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

**Мазаем и 20**, *блыщхьэ*

♦**ЦIыхухэр зэхуэгъэдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**1975 гъэм** Хьэуам зыщыхъумэжынымкIэ дзэхэм я махуэр ягъэуващ.

♦**1940 гъэм** Налшык къалэм IэфIыкIэ щащI фабрикэ къыщызэIуахащ.

♦**1897 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакIуэ **Теувэж Хьэбиб**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Гъащтэ Абдул**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, жылагъуэ лэжьакIуэ **ХьэIупэ ДжэбрэIил**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Москва и Адыгэ хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зрата **Дзыбэ Мусэ**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм, КъБР-м щIыхь зиIэ я артисткэ **БжэIумых Барисэт**.

♦**1979** гъэм къалъхуащ «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщI **Истэпан Залинэ**.

<u>**Дунейм и щытыкIэнур**</u>

pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градус 1 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Уэздыгъэр лъагэху, нэхур нэхъ жыжьэ едз.**

● Япэ итахэр

# ЩIэм и лъыхъуакIуэт

**Къызэралъхурэ дыгъуасэ илъэсищэ ирикъуащ адыгэхэр дызэрыгушхуэ еджагъэшхуэхэм ящыщ, щIэм и лъыхъуакIуэ нэсу зи гъащIэр езыхьэкIа, зи къэхутэныгъэхэр псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпсауэ щыта Къумахуэ Башир Iэбубэчыр и къуэр (1923 - 2006). Естественнэ ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием, ЩIэныгъэхэмрэ гъуазджэхэмкIэ Петровскэ академием я академик, УФ-м, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, лъэпкъ щIэныгъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа ди лъахэгъухэм хабжэ ар. А профессор щIэрыIуэращ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор япэу ди республикэм щыхъуауэ щытари.**

ДЭТХЭНЭ цIыхуми игъуэт зыужьыныгъэр, и дуней еплъыкIэр, Iуэху зехьэкIэр зыкъомкIэ елъытащ ар къызыхэкIам. Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм щыпсэу Къумахуэхэ Iэбубэчыррэ Куэзэрэ яхуа унагъуэр нэмысрэ хабзэрэ зэрылът, нэхъыжьым пщIэ, нэхъыщIэм гъуэгу щигъуэтт. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ яку дэлъу ягъасэрт абыхэм я бынхэр. Еджэныр Къумахуэхэ я унагъуэм щIыпIэ хэха щызыубыд, пщIэ щызиIэ Iуэхугъуэт. КъащIэхъуэ сабийхэм зэрахуэхъуапсэхэр зрагъэхъулIэным хунэмысу, Хэку зауэшхуэм кIуащ Iэбубэчыр икIи абы хэкIуэдащ. «Гугъэ здэщыIэм гъащIи щыIэщ», - жиIащ псалъэжьым. И щхьэгъусэр зауэм щыдэкIым къыжриIауэ щыта псалъэхэм гъащIэм къыхуигъэушыжащ Куэзэ. Абы и тхьэкIумэм дапщэщи итт а псалъэхэр: «СыздэкIуэр зауэщ, псэзэпылъхьэпIэщ. КъэзмыгъэзэжынкIэ хъунущ... Сабийхэм яхуэсакъ, Iэмал гуэр бгъуэтыххэмэ, егъаджэ». Iэбубэчыр и уэсятыр игъэзэщIащ Куэзэ.

Быным я нэхъыжь Башир 1923 гъэм мазаем и 17-м къалъхуащ. Зауэм ипэ къихуэу щIалэм къиухат Налшык дэт политпросветтехникумыр. Лэжьыгъэ IэнатIэ тэмэм игъуэтыным хунэмысу, Хэку зауэшхуэр къэхъейри, и ныбжьыр илъэс 18 фIэкIа мыхъуауэ ари фронтым кIуат, и насып къикIри, 1947 гъэм Iэпсолъэпсоуэ къигъэзэжащ, еджащ. Башир къыкIэлъыкIуэ и анэкъилъхухэми: и къуэшхэу Мухьэдин, Мурадин, и шыпхъухэу Тосэрэ Анусэрэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ ярыгъэгъуэташ Куэзэ. Зи сабиигъуэр властыщIэр щIыпIэм щыщагъэув лъэхъэнэм, зи щIалэгъуэр Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм ирихьэлIа Башир щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным къыдэкIуэу, нэгъуэщI къалэн куэди и пщэ къыдэхуат. Зи адэр зыщыхьэщымытыж унагъуэшхуэм анэм щIыгъуу ари я тегъэщIапIэт, ахэр зыхуей хуэгъэзэныкIи абы лъэкI къигъэнакъым. Бын нэхъыщIэхэр пIыныкIэ, лъэ быдэкIэ гъащIэм хэгъэувэныкIэ Куэзэ хузэфIэкIам Башир и фIыгъэшхуи хэлът. ЩIалэ нэхъыжьыр здынэс щIэныгъэ лъагапIэхэм, дауи, псом нэхърэ нэхъ щыгуфIыкIыр анэрат.



Хэку зауэшхуэр иуха нэужь, Башир къиухащ Краснодар дэт щIыналъэ парт школыр. КъыкIэлъыкIуэу и зэфIэкIым щыхигъэхъуащ КПСС-м и ЦК-м епхауэ лажьэу щыта Парт школ нэхъыщхьэм. Къэрал, парт IэнатIэхэм пэрытащ, журналистикэми хыджэру хэлэжьыхьащ, экономикэ унэтIыныгъэ зиIэ нэтынхэр телевиденэм щигъэхьэзыру. Абы и зэфIэкIхэм къыхуахьа лъагапIэхэм ящыщщ КъБКъУ-м и егъэджакIуэ нэхъыжьу щIидзэу экономикэмкIэ кафедрэм и унафэщI, университетым и учётно-экономикэ факультетым и декан къулыкъухэм зэрынэсыфар. Мэкъумэш щIэныгъэм зиужьу, ди республикэм КъБКъМА еджапIэ нэхъыщхьэр къызэрыщызэIуахами и лэжьыгъэшхуэ хэлъщ Къумахуэм. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университет хъуа а еджапIэр лъэ быдэкIэ увын, езым хуэдэ IэнатIэхэм ефIэкIыу лэжьэн папщIэ, Башир лъэкI къигъэнакъым. Илъэс 20-кIэ ар щытащ экономикэмкIэ кафедрэм и унафэщIу.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм зэрыпэрыта зэман кIыхьым къриубыдэу абы и къэлэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 150-м щIигъу, монографие, еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр зэрырагъэджэн тхылъхэри хэту. Къумахуэм и къэхутэныгъэхэр ди щIыпIэм щэщIауэ къызэрыщагъэсэбэпам экономикэ и лъэныкъуэкIэ фейдэшхуэ къахуихьащ мэкъумэш IэнатIэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Къумахуэ Башир итха дэтхэнэ щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэми, щатха зэманым емылъытауэ, нобэ мыхьэнэшхуэ яIэщ.

Еджагъэшхуэм и унафэм щIэту къэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ирагъэкIуэкIащ цIыху 20-м щIигъум. Абы иригъэджахэм къахэкIащ щIэныгъэхэмкIэ кандидатхэр, докторхэр, къэрал IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэр. Къумахуэр апхуэдэу жыджэру хэтащ республикэм щекIуэкI жылагъуэ Iуэхухэми. Ар и пашэт Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэу мэкъумэш еджапIэ нэхъыщхьэм щыIэм, хэтт абы и методикэ советым, экономикэмкIэ кандидат диссертацэхэр щыпхагъэкI и IэнатIэм.

Ди республикэм и экономикэ зыужьыныгъэм зи гъащIэр хузыгъэпса хэкулI Къумахуэ Башир Iэбубэчыр и къуэр 2006 гъэм дунейм ехыжащ. Сыт хуэдэ лъэхъэни абы и щIыбагъ къыдэтащ и унагъуэ дахэр: и щхьэгъусэ Хьэнифэрэ и бынхэмрэ. Я нэхъыжьыфIым, адэ щыпкъэм, адэшхуэ IэфIым и щапхъэм тету, ар я гъуэгугъэлъагъуэу мэпсэу Башир къыщIэхъуа щIэблэр. Республикэри щалъхуа къуажэри зэрыгушхуэщ Къумахуэ зэшхэм я гъащIэ купщIафIэр. ЩIэныгъэ лъахэм абыхэм щызэрахьа лIыгъэр зэманым фагъуэ дэхъунукъым.

**ТАМБИЙ** Линэ.

# ТхылъхъумапIэм и унэгуащэ

● ДифI догъэлъапIэ

**Дунейм IэщIагъэ куэд щызокIуэ. Абыхэм яхэтщ нэхъапэIуэкIэ къэунэхуахэри иджырей зыужьыныгъэм къыздихьахэри. Жылагъуэм щиIэ мыхьэнэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр къыхыхьами, цIыхубэм игъащIэ лъандэрэ, нэхъ тэмэму жыпIэнумэ, тхыбзэ зэрагъуэт лъандэрэ, къадокIуэкI дэфтэрхэр, тхылъхэр хъумэныр, ахэр зэхуэхьэсынымрэ джынымрэ, бэм щIэныгъэ яхуэхьыныр зи къалэн нэхъыщхьэу щыта уэзщIакIуэхэр. Апхуэдэ къалэнхэр ди зэманым зыгъэзащIэхэм ящыщщ библиотекэ лэжьакIуэхэр. Ахэр игъащIэми къалъытэ цIыху акъылыфIэхэу, зэхэщIыкI куу зиIэхэу, жыжьапълъэхэу.**

ПЭЖУ, библиотекэхэм нобэ ямыIэжынкIи хъунщ совет лъэхъэнэм хуагъэфэщауэ щыта увыпIэ лъагэхэр, мыхьэнэ иныр. АтIэми, а IуэхущIапIэхэм иджыри щызэфIах жылагъуэм гулъытэшхуэ щызыгъуэт Iуэхугъуэхэр, къыщызэрагъэпэщ махуэшхуэ пшыхьхэр, зэхуэзэ купщIафIэхэр. Тхылъ еджапIэ къудей мыхъуу, библиотекэхэр зэIущIапIэ екIущ, зэхуэзапIэ гуапэщ, зэпсэлъапIэщ. А псори и лэжьыгъэм къызэщIригъэубыдэу библиотекэ IэнатIэм илъэс 45-м щIигъуауэ пэрытщ Пхъэшх Светланэ Кушбий и пхъур. Бзылъхугъэ гуащIафIэм лъэкI къигъанэркъым къытщIэхъуэ щIэблэм тхылъыр фIыуэ ялъагъуу, ар я IэпэгъуI, я ныбжьэгъу пэжу къэтэджын папщIэ.

Аруан щIыналъэм хыхьэ Къэхъун къуажэм дэт библиотекэм и унафэщIщ Пхъэшхыр. Дауи, тхылъхъэр «щыпсэу» унэм нэхъапэм щекIуэкIа гъащIэм хуэдэ мы зэманым щыщыIэкъым. Тхылъ еджэныр фIыуэ зылъагъу куэд библиотекэм екIуалIэрт лIэщIыгъуэ блэкIам. Дэтхэнэми зыхуейр, зылъыхъуэр къыщигъуэтырт абы: студентхэм нэхъ хууэ зыщагъэгъуазэрт зыхуеджэ IэщIагъэм, школакIуэ нэхъыжьхэр классикэ, лъэпкъ литературэм дахьэхырт, нэхъ цIыкIуIуэхэр таурыхъ щIыналъэм «къыщыхутэну» епщIыхьырти, тхылъ телъхьэпIэхэм трапхъуэтыкIырт «Мыщэ и къуэ Батыр», «Дыщэ кIанэ» тхылъхэр, ШыкъумщIийрэ КъуийцIыкIурэ «я гъусэу» Iурихыжырт. Хьэлэмэтырати, библиотекэм къыщIых а «фIыгъуэхэм» къапэкIуэ гукъыдэжыр, гухэхъуэр, насып цIыкIухэр абыхэм ирапхырт тхылъ хэщIапIэ нэхум и унэгуащэм. Апхуэдэ дыдэу сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ идэлэжьащ, яхэтащ а зэманым Пхъэшх Светланэ. Зи цIэр «Нэхунэм» хуэбгъакIуэ хъуну бзылъхугъэр, цIыхубэм я щэнхабзэм зегъэузэщIыныкIэ Налшык дэта еджапIэр (культпросветучилищэкIэ зэджэу щытар) ехъулIэныгъэ иIэу къэзыухар, игури и псэри нэхуу хузэIухауэ еувэлIащ библиотекэ IэнатIэм, апхуэдабзэуи и псэр етауэ пэрытащ а лэжьыгъэ хьэлэмэтым, куэдым яхуэщхьэпэм, атIэми, мытыншым. Нобэ аращ: Светланэ зи пашэ библиотекэр мэлажьэ, тхылъыр фIыуэ зылъагъухэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къахуихьу.

Зэ еплъыгъуэкIэ къыпфIэщIынущ библиотекарым и лэжьыгъэм удэзыхьэх куэд хэмылъу, зэшыгъуэ щыхъуи щыIэу, тхылъхэр тын-къеIыхыжыным щызэфIэкIыу. Ар пэжкъым. Пхъэшх Светланэ и Iуэху зехьэкIэр зэ нэхъ мыхъуми зи нэгу щIэкIар щыхьэт нэс техъуэфынущ библиотекэ лэжьакIуэр зыпэрыт IэнатIэр къызэрымыкIуэу Iуэхугъуэ купщIафIэ куэдкIэ гъэнщIауэ зэрыщытым. Псом я нэхъыщхьэращи, сыт щыгъуи цIыхум уахэтщ, уопсэлъылIэ, псалъэ гуапэрэ хуабэрэ зэIэпыбохри. Нэхъ кууужу укIуэцIрыплъмэ, гурыIуэгъуэ мэхъу Пхъэшхым къуажэ библиотекэм щызэфIих лэжьыгъэр хьэлэмэту, гъэщIэгъуэну зэрызэхэлъыр, IэщIагъэ куэдым ящыщIауэ зэрыщытыр, унэтIыныгъэ зыбжанэкIэ зэрызэщхьэщыкIыр. Къапщтэмэ, зи пашэ IуэхущIапIэм щIэлъ тхылъхэм я библиографие спискэхэр щитхкIэ, Светланэ щIэныгъэ лэжьакIуэ гумызагъэм ибогъэщхь. Махуэшхуэ пшыхьэр щигъэхьэзырыкIэ, ар режиссёрщ, драматургщ. ШколакIуэхэмрэ щIалэгъуалэмрэ зригъэблагъэ зэIущIэхэр къыщызэригъэпэщкIэ, Пхъэшхыр мэхъу гъэсакIуэ, унэтIакIуэ.

Светланэ нэсу къыгуроIуэ библиотекэм цIыхум и гъащIэм щигъэзэщIэфыну къалэныр зэрыиныр, тхылъыр щIэблэм я щIэныгъэ къигъэхъуапIэу, сабийм лъэпкъ, щэнхабзэ, хэкупсэ гъэсэныгъэ зэребгъэгъуэтыфын Iэмэпсымэ гъуэзэджэу зэрыщытыр.

- Тхылъым и мыхьэнэр, дапщэщи хуэдэу, ноби абрагъуэщ, ар фIыуэ зылъагъухэм я бжыгъэм хэщIауэ щытми. ГъащIэм зеужь, зехъуэж. Тхылъыр апхуэдэу IэщIыб зэрыхъуар, тхылъ хэщIапIэм и пIэм Интернет губгъуэшхуэ къызэриувари а зыужьыныгъэм къытхуихьахэм ящыщщ. Иджыпсту цIыху куэд щIэкъым Интернетым пымыщIауэ, абы къыхэкIыу библиотекэхэр нэхъ IукIуэта хуэдэу хъуащ. Сабийхэри балигъхэри зыщIишащ а «дунейпсо бэджьыхым», ди жагъуэ зэрыхъущи, - и лэжьыгъэм топсэлъыхь Светланэ. - Библиотекэм и тету мы зэманым улэжьэнри япэрейм хуэдэжкъым. Лъэхъэнэр щынэгъуэщIкIэ, ди пащхьэ къиувэ къалэнхэми зэхъуэкIыныгъэ ягъуэт, мурадхэри абыхэм ятещIыхьа мэхъу. СызэригугъэмкIэ, иджырей библиотекархэм къытпэщылъ икIи дызэлэжь Iуэхугъуэхэм ящыщщ тхылъеджэщIэхэр диIэхэм къахэдгъэхъуэныр. Псом нэхърэ нэхъыщхьэжыр цIыхур Интернетым илъ напэкIуэцI «гъущэхэм» къабгъэдэшауэ, тхылъ «псэум», «псэ зыIутым» ешэлIэжынырщ, тхылъым жылагъуэм щиIэу щыта пщIэмрэ абы цIыхухэм хуаIэу щыта лъагъуныгъэмрэ ящыщу къэна мащIэр хъумэнырщ.

А къалэнхэр хьэлэлу гъэзэщIэнымкIэ Пхъэшхым лъэкI къигъанэркъым. Абы и щыхьэтщ Светланэ къыхуагъэфэща щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр. Къуажэм дэт курыт школитIым я егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ, жылэм щылажьэ «Ашэмэз» сабий садым и гъэсакIуэхэмрэ абыхэм я нэIэм щIэт сабий цIыкIухэмрэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм пыщIэныгъэ яхуиIэу, Светланэ жылэм щIэх-щIэхыурэ къыщызэрегъэпэщ къызэхуэтыншэуи щрегъэкIуэкI зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, къэрал махуэгъэпсым къыщыхэбелджылыкIа махуэшхуэхэм ятеухуахэр, адыгэ лъэпкъым дгъэлъапIэ махуэщIхэм ятещIыхьахэр. Иужьрейуэ абы иригъэкIуэкIахэм ящыщщ Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм теухуа зэхуэсыр. Абы къекIуэлIат къэхъундэс нэхъыжьхэу къуажэм и зэпэщыныгъэм зи гуащIэшхуэ хэзылъхьахэр. Апхуэдэ лэжьыгъэфIхэм халъытэ ди республикэм и усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэр Пхъэшхым Къэхъун иригъэблагъэу абы къыдэхъуэ щIэблэм зэрыIуигъэщIар, республикэ тхылъ тедзапIэхэм къыщыдэкI тхылъыщIэхэмрэ журналыщIэхэмрэ я гъэлъэгъуэныгъэ купщIафIэхэр библиотекэм къызэрыщызэригъэпэщ хабзэр, нэгъуэщIхэри. А Iуэхугъуэхэм ящыщ дэтхэнэри хуэгъэпсащ щIэблэм хэкупсэ гъэсэныгъэ яхэлъхьэным, ахэр лъэпкъ щэнхабзэм, адыгэ хабзэм къыщIэгъэтэджэным, къуажэм дэс нэхъыжьыфIхэм къакIуа гъуэгуанэр, ябгъэдэлъа Iуэху зехьэкIэ пэрытыр нэхъыщIэхэм гъащIэ мардэу яхуэгъэлъэгъуэным. Апхуэдэ зэхуэсхэм я кIэухым цIыхухэм къыжраIэ псалъэ гуапэхэм, абыхэм я нэгум къих хуабагъэм Светланэ къаруущIэ къыхелъхьэ, IуэхугъуэщIэхэм трегъэгушхуэ.

- Си лэжьыгъэмкIэ сэбэпышхуэ къысхуохъу ди библиотекэр зи щыпIэ къудамэу щыт Аруан район библиотекэм и унафэщI, Iуэху куэдым я къызэгъэпэщакIуэ IэкIуэлъакIуэ Молэ Заремэ. ЛэжьыгъэщIэ гуэрхэр къыщесхьэжькIэ, Заремэ дапщэщи дэIэпыкъуэгъуфI, чэнджэщэгъу Iущ къысхуохъу. Апхуэдэу библиотекэм иригъэкIуэкI Iуэхугъуэ куэдым я жэрдэмщIакIуэщ ди Къэхъун къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къандэхъу Леонид. И унагъуэ библиотекэм щыщ тхылъ куэд къуажэм ейм тыгъэ къыхуищIащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, ди жылэм щыщ Жылэсэ Заурбэчи. А IэщIагъэлI щыпкъэхэми, си лэжьыгъэр къыздэзыIыгъ, къыздэзыгъэпсынщIэ школ унафэщIхэми, егъэджакIуэхэми, гъэсакIуэхэми, абыхэм я нэIэм щIэт ныбжьыщIэхэми фIыщIэ ин яхузощI. Узыншагъэ быдэ яIэу, я мурадхэр къайхъулIэу Алыхьым игъэпсэу, - апхуэдэ псалъэ гуапэхэр Пхъэшхым яхужеIэ дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъу цIыху псэ къабзэхэм.



Дэри гъащIэ узыншэ иIэну дохъуэхъу зыпэрыт лэжьыгъэр зи гъащIэм щыщ Iыхьэшхуэу къэзылъытэ, ар илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу езыхьэкI библиотекарь IэкIуэлъакIуэ, тхылъ хъумапIэм и унэгуащэ Пхъэшх Светланэ. Зыпэрыт IэнатIэм хуиIэ мурадхэр къехъулIэу, щIэджыкIакIуэхэр и куэду, и Iыхьлыхэм, благъэхэм я гулъытэ щымыщIэу псэуну, дапщэщи къелIалIэ и дэлъху бынхэу Iэсият, Иннэят, Хьэдижэт сымэ я насып хэплъэу куэдрэ дунейм тетыну ди гуапэщ.

**КЪАРДЭН** Маритэ.

# Щикъухьащ адыгэр дунеижьым

● Зэвгъэцlыху

## Кавказыр адрейхэм ещхькъым - ар ди Хэкущ




***Адыгэ щlалэ Чупэ Окан нэхъыбэ дыдэу зытепсэлъыхьын фlэфlыр зекlуэрщ. Дауи, хамэ къэрал паспорти 8 зиlэ, къэралыгъуэ 58-м щыlа лlым жиlэжын и куэдщ. Абы щlыпlэ куэдым ныбжьэгъухэр щиlэщ, щlыналъэ зэмылlэужьыгъуэхэр щlэх-щlэхыурэ зыщlегъэхьэ. Илъагъу псори тхылъымпlэм третхэ, ахэр цlыхухэм яхуиlуэтэнуи фlэфlщ. И lэдакъэщlэкlхэр зы цlыху гуэрым хуитх хуэдэщ, абы къыхэкlыу, еджэу хъуам езыхэм яхуэгъэзауэ фlэкlа къащымыхъуу, яфlэгъэщlэгъуэну зэlэпах. Тхэным и закъуэкъым Окан дэзыхьэхыр, атlэ куэд дыдэ щlеджыкl, сурэт дахэу трех, пшынэ lэзэу йоуэ.***

***Фэри нэlуасэ фыхуэтщlмэ тфlэигъуэу, тыдодзэ Окан «Жьынэпс» газетым къыlиха интервьюм щыщ пычыгъуэ.***

**- Окан, уи хъыбар мащlэу зэхэзыхахэм нэхъ укъацlыхун папщlэ сыт къыджепlэн?**

- Зыплъыхьакlуэу, слъагъухэр стхыжу сызэрыщытым сыкъытеувыlэнщ. 1972 гъэм Тыркум и Адапазар къалэм сыкъыщалъхуащ, Самсун сыкъыщыхъуащ. Дыщыцlыкlум къалэ куэд зэтхъуэкlащ, псэупlэ тщlащ, ди адэм и lэнатlэр щрихьэкlа щlыпlэхэращ ар. Си анэр абхъазщ, си адэр убыхщ.

**- «Жьынэпс» газетым илъэс куэд щlауэ уотхэ. Мыра къыщебгъэжьар уи зекlуэм теухуахэр птхыжыныр?**

- Газетым нэlуасэ сыхуэзыщlар Кlэрмыт Сэбэхьэтдинщ. Сыздэщыlахэр, слъэгъуахэр къэстхыжмэ фlэигъуэу зыкъысхуигъэзати, згъэщlэхъуакъым. Сыдихьэхри, сытхэу щlэздзащ. Ауэрэ си письмохэр зэрыт «Нал лъэужьхэр» зи фlэщыгъэцlэ тхылъыр къыдэзгъэкlащ.

**- Уи тхыгъэхэр письмо лlэужьыгъуэм ещхьщ, пцlыху гуэрым хуэптхым хуэдэу.**

- Пэжыр жыпlэмэ, гукъэкlыж гуэрхэр си щхьэм илъыну е макъкlэ езгъэтхыну си хьэлкъым. Си щхьэм къихьар, си нэм илъэгъуар, сигу щыщlэр занщlэу тхылъымпlэм тестхэу аращ. Итlанэ гупсысэ нэхъ куухэмрэ гурэ псэкlэ нэхъ зыхэсщlахэмрэщ цlыхухэм яхуэсlуэтэжыр. Слъагъур стхыжу аращ, армыхъумэ, гукъэкlыж сиlэкъым. Сфlэгъэщlэгъуэн хъуар занщlэу сlуэтэжын хуейщи, письмо сотх. Апхуэдэу зыгуэрым хуэстха хуэдэхэр зэрыт тхылъ къыдэкlащ, «Зэ гъэзэгъуэ lункlыбзэт» абы фlэсщар. Ар псынщlэ дыдэу зэбграхри, иджыри абхъазыбзэкlэ зэдзэкlауэ къыдэкlауэ щытащ, Аламие Геннадий пэублэ псалъэ хуитхри.

**- Сыт уи тхылъым еджэхэр нэхъыбэу дэзыхьэхыр?**

- Си тхылъхэм цlыхухэр щlеджэр, куэду щlызэбграхыр ныбжьэгъу сызэрикуэдыр арауэ хузогъэфащэ.

**- «Эльбрус» зыфlэпща проектым и гугъу къытхуэщlыт. Сыт абы къызэщlиубыдэр?**

- Ар япэ электрон журналу жыпlэ хъунущ. Щэнхабзэм теухуауэ мазэм зэ къыдэкl журналщ. Ар си гъусэу ящl цlыху 40-м. Илъэситl зэкlэлъыкlуэм журнал 24-рэ къыдэкlащ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар иджыпсту зэпыдгъэуащ, ауэ едгъэжьэжу ди журналыр еджакlуэхэм яlэрыхьэну согугъэ.

**- Уэ зекlуэ ущыlэ зэпытщ. Дэри «дызэгуэпу» дыпкlэлъоплъ. Лэжьыгъэмрэ къэкlухьынымрэ дауэ зэдэпхьрэ? Зекlуэ зыфlэфlхэр иригъуэзэну зыгуэр яжепlэн?**

- Цlыхум и хъуэпсапlэр зыlэригъэхьэн хуейщ. Сэ си гур хэзыгъахъуэр зекlуэнращ. Щlыпlэщlэхэр зэзгъэлъагъуну, цlыхущlэхэр зэзгъэцlыхуну, дунейм и инагъымрэ и цlыкlуагъымрэ згъэунэхуну сфlэфlщи, зыплъыхьакlуэ сокlуэ. Абы иджыри зы хьэлэмэт хэлъщ. Зауэр зыми зэрыфlэмыфlыр, цlыхухэр щыпсэу щlыпlэм, къызыхэкlа лъэпкъым, зэрахьэ бзэм, диным емылъытауэ зэрызэхуэгуапэр, тыншу зэрызэгурыlуэр си нэгу щlокl. Си щапхъэр, си чэнджэщхэр адрейхэм яфlэмыгъэщlэгъуэнынкlи мэхъу, зыплъыхьакlуэ ухъун щхьэкlэ дунейр зэбгъэлъагъуну ухуейн хуей къудейуэ аращ. Итlани, чэнджэщ гуэр жыфlэмэ, уздэкlуэнури, укъыщыувыlэнури, щызэбгъэлъагъунури пщlэуэ иужь уихьэн хуейщ lуэхум, апхуэдэу нэхъ пуду ущыпсэун, кхъухьлъатэр щымылъапlэ махуэр къыхэпхыпхъэщ. Тыншу, пуду, гукъинэжу узекlуэным куэд пыщlащ. Ахэр зэхуэбгъэкlуэфын хуей къудейуэ аращ.

Эйфелевым и чэщанэ Париж дэтым сымылъагъуу хъунукъым жызыlэхэм сащыщкъым. Уздэщымыlа щlыпlэ укlуа, умыцlыху лъэпкъ уахыхьа нэужь, плъагъу, зэбгъащlэ псори пфlэгъэщlэгъуэнщ. Итlанэ, зэ ежьэгъуэкlэ псори пхузэщlэгъэхьэнукъым. Зы къэралым и щlыпlэ дахэ псори зэ кlуэгъуэкlэ къызэщlэбубыдэну яужь уихьэ хъунукъым. Абы къыщытебгъэзэжыни къыпхуихуэнущи, фигу фымыгъэныкъуэ.

**- Кавказым ущыlа? Сыт нэхъ уигу къинэжар?**

- Кавказым япэ дыдэу 2000 гъэм сыкlуащ. Илъэсипщl хъуауэ, lэмал иlэххэу зы илъэс дэзмыгъэхуауэ, сокlуэ. Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием сыщыlащ. Дэтхэнэри уигу къызэринэжын беягъ ябгъэдэлъщ, щlыпlэ дахэ куэд яlэщ. Зэи сщыгъупщэжынукъым Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ абазэ нанэ цlыкlум lэнэ лъакъуищым дыбгъэдэсу къысхуиlуэта хъыбархэр. Къиlуатэ пэтми и гум зигъэнщlыртэкъым, сыту куэд ищlэрэт абы.

Кавказыр адрей къэралхэм ещхькъым - ар ди Хэкущ, ар нэхъ дахэщ, жэнэтщ.

**- Уи письмохэм ящыщ зым иптхащ зэ уздэщыlа къэралым тlэу, щэ тумыгъэзэжын плъэмыкlыу. Дапщэм ущыlа? Дэнэ нэхъыбэрэ уздэкlуар? Сыт зэ уздэщыlа щlыпlэм тебгъэзэжын хуей щlэхъур, сытым уишэрэ абы?**

- Нобэкlэ паспорти 8 сиlэщ, къэрал 58-рэ зэзгъэлъэгъуащ. Нэхъапэм сигу къэкlакъым, ауэ иджы сыздэкlуэ щlыналъэхэм я къэрал ныпым хуэдэ къыздызохь. «Хэт ищlэрэ, мы къэралым афlэкlа зэи къытезмыгъэзэжынкlи мэхъу» жысlэу ныпыр къыздэсхьмэ, нэхъ къызощтэ.

Дэтхэнэ къэралми езым и щхьэхуэныгъэ, удэзыхьэх гуэр иlэщ. Зыри уигу щримыхь къэхъуркъым, атlэ къыщlэбгъэзэжын телъыджэ гуэр ущрохьэлlэ. Ар гъэщlэгъуэнщ. Мис апхуэдэ гъэщlэгъуэнхэрщ укъезышэкlри, удэзыхьэхри, щlы тебгъазэри.

## Тыркум и адыгэбзэ къудамэхэр

● Егъэджэныгъэ

**Тыркум и Къайсэр къалэм дэт Эрджияс университетымрэ Дюзджэ щыlэ еджапlэ нэхъыщхьэмрэ щылажьэ Адыгэбзэмрэ щэнхабзэмкlэ къудамэхэм цlыху 30 нэгъабэ щlэтlысхьауэ щоджэ.**



ЦlЫХУИПЩl щlэтlысхьэу яубла мы lуэхур, мащlэми, нэхъыбэ хъууэрэ макlуэ.

Университетхэм я факультет щхьэхуэу лажьэ къудамэм, гъэ къэс зэхэту цlыху 17 - 20 хуэдиз щоджэ. Фигу къэдгъэкlыжынщи, 2017 гъэм япэ гупым къаухащ. Цlыху 17-м диплом иратыжат абы щыгъуэм. Цlыху 20-р къэрал ахъшэкlэ еджэну къащтэ, езым я мылъкукlэ еджэну щlэтlысхьэнуи хуитыныгъэ яlэщ.

Магистратурэ, щlэныгъэ лэжьыгъэ щыпхыбгъэкl къудамэ яlэщ зи гугъу тщlы факультетхэм. Адыгэбзэмрэ литературэмрэ щадж къудамэ Самсуни къыщызэlуахыну я мурадщ. Сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, Тыркум ис адыгэхэм я нэхъыбэр щыпсэур а къалэращи, абы ещанэ къудамэр щагъэлэжьэну я хъуэпсапlэщ.

Егъэджакlуэ Брам Алатин къызэрыджиlамкlэ, абыхэм япэщхьэхуэу иджыри зы хуитыныгъэ щыlэщ Тыркум. Сыт хуэдэ lуэхум удихьэхми, цlыхуипщl узэрыгъэхъумэ, курс къызэlупхыу, узыхуей lэщlагъэм ущыхуеджэ хъунущ, школми университетми емыпхауэ. Апхуэдэуи бджы хъунущ адыгэбзэр, зыри пэрыуэгъу къыпхуэхъунукъым.

«Къэралыгъуэ хабзэм къеубыд, сыт хуэдэ предметри адыгэбзэкlэ ебгъэджу уней школ къызэlупхынри, къакlуэхэм мазапщlэр яту, жэрдэмщlакlуэм школыр игъэлажьэу. А псори lэмал хъарзынэу диlэщ, ди лъэпкъ зэхэщlыкlыр «къэлажьэрэ» къекlуэлlэн дгъуэтмэ», - жеlэ Алатин.

● Тхыдэ

## Шынагъуэщ зыхэсхэм яхэгъуэщэжынкlэ

**1877 - 1878 гъэхэм екlуэкlа урыс-тырку зауэм лъэныкъуитlми щыщу адыгэ куэд хэтащ. Абы иужькlэ Ниша-Прокупле щlыпlэм ди лъэпкъ зыри къинэжакъым. Апхуэдэу щlэхъуари абыхэм я хэщlапlэр зэраубыдарщ. 1900 гъэм Косовэ Губгъуэм къинэжа адыгэхэм я бжыгъэр 6500-м нэс къудейт. Нэхъыбэу бгырысхэр елэжьырт lэщ гъэхъунымрэ дыщэкlынымрэ.**

БАЛКАН зауэр (1912) зэриухыу, адыгэ куэд аргуэру Югославием иlэпхъукlащ. Белград щыщ еджагъэшхуэ профессор Гиоргиевич К. щыхьэт зэрытехъуэмкlэ, абы иужькlэ Косовэ Губгъуэм къинар унагъуэ зыбжанэ къудейщ. Ауэ Буллемар и нэкlэ псори зригъэлъагъури, lуэхур зытетыр итхыжащ. Абы къызэрилъытэмкlэ, Гиоргиевич К. къигъэлъэгъуа бжыгъэм нэхърэ куэдкlэ нэхъыбэщ Косовэ Губгъуэм ис адыгэхэр.

Къапщтэмэ, Лабэрэ Ситницэрэ я lуфэхэм lус Черкес-кой къуажэм дэс унагъуэ 62-м ящыщу 50-р ди лъэпкъэгъут. Псори зэхэту цlыху 200-м щlигъут. А псыхъуэ дыдэм дэс Великэ Рекэ къуажэми адыгэ унагъуэ куэд щыпсэурт.

Черкес-койр Косовэ Губгъуэм ис адрей жылэхэм къащхьэщыкlыу щытт. Ар япэ дыдэу къэзыгъэлъагъуэр къуажэкхъэрт. Абы ит сынхэм тетхэр хьэрыпыбзэкlэщ зэрытхар, езы къуажэми зы мэжджыт мыин дыдэ дэтт, къатитlу зэтет унэм бгъэдэту. А унэр адрейхэм къахэщырт, абы нэхъ лъагэрэ нэхъ дэгъуэрэ къуажэм дэттэкъым.

«Сэрэ си гъусэхэмрэ Черкес-кой къуажэм дыщыдыхьам щыгъуэ, - етх Буллемар, - дэ дыкъаухъуреихьат кавказыбгхэм я бын щхьэпэлъагэ нэкъуэлэнхэм. Ахэр адрей къуажэдэсхэм къахыумыцlыхукlынкlэ lэмал иlэтэкъым: я теплъэкlэ зэкlуэжт, цlыхухэм щахэтым деж екlуу заlыгът. Цlыхухъухэм адыгэ цей ящыгът, я фэр текlыжами, фащэхэм абыхэм дахагъэ ин, лlыхъужьыфэ къатригъауэрт. Иджы ахэр нэхъ зэлэжьыр щlырт. Абы ипэlуэкlэ Черкес-койм и адыгэхэр шы гъэхъуным пыщlауэ щытащ...»

Буллемар къызэрыщыхъуамкlэ, адыгэхэр цlыху набдзэгубдзаплъэщ, гурыхуэщ, lущхэщ. Абыхэм, жеlэ еджагъэшхуэм, я бзэм нэмыщl, албаныбзэ, тыркубзэ ящlэ, яхэтщ хьэрыпыбзэкlэ псэлъэфхэри.

Адыгэ цlыхубзхэм щхьэтепхъуэ зэрателъым къыхэкlкlэ, Буллемаррэ абы и гъусахэмрэ я дахагъэ ятеlуклам щыхьэт техъуэфакъым. «Ауэ, - жеlэ Австрием щыщ еджагъэшхуэм, - а цlыхубзхэм я бынхэр къызэрымыкlуэу дахэщ, зэкlужщ».

Буллемар и гупым хэтхэм яфlэгъэщlэгъуэнащ нэгъуэщl зы lуэхугъуи: Балкан хытlыгу ныкъуэм щыпсэу цlыхубз псоми къащхьэщыкlыу, адыгэ бзылъхугъэхэр нэгъуэщl лъэпкъ цlыхухъухэм еплъу плъагъунукъым. Абыхэм нэмысышхуэ яхэлъщ икlи езыхэм я пщlэр здынэсыр фlыуэ къагуроlуэж. Буллемар Югославием щыlэ «адыгэ оазисым» и къэкlуэнум иригузавэрт. Абы зэрыжиlамкlэ, хэхэсхэр зыхэс лъэпкъхэм яхэгъуэщэжынкlэ шынагъуэт. Щхьэусыгъуитl иlэщ а lуэхугъуэм. Япэр - абы иса адыгэ мин 200-м и нэхъыбэм Тыркумкlэ зэрагъэзарщ, етlуанэр - а зэманым къэралым щекlуэкlа лъэпкъ дэкъузэныгъэ «цвайкиндер системэкlэ» зэджэ политикэращ. Буллемар зытегузэвыхьар пэж хъуащ.

*Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар*
**НЭЩlЭПЫДЖЭ Замирэщ.**




● Сэбэпщ



# Жэгундэм и псыр

Гур, лъынтхуэхэр фIыуэ егъэлажьэ, тхьэмщIыгъур, зэзыр, жьэжьейр егъэкъабзэ жэгундэпсым. Лъыр къэгъэхъунымкIэ, ар гъэкъэбзэнымкIэ абы къытекIуэн нэгъуэщI къэкIыгъэ щыIэкъым. Абы апхуэдэу лъатэ, кIэтIий узхэри зэтес ещIыж.

Жэгундэпсыр къыщIэхуагъащIэу махуэ къэс щэ грамм тхущI-тхущIу уефэмэ, нэхъыфIщ. Тхьэмахуитl хуэдиз ефэн хуейщ. ИтIанэ зы тхьэмахуэ дэбгъэкIыу къыщIэбдзэж хъунущ.

# Джэдыл гъэжьа, кIэртIоф щIэлъу

● Шхыныгъуэ

ДЖЭД гъэкъэбзар тыкъыр цIыкIуурэ зэпаупщI е зэпауд, г 30 - 35-рэ хъуууэ, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шыгъу траудэ, ар хыхьэн щхьэкIэ дакъикъи 10 хуэдэкIэ щагъэт. ИтIанэ лы тыкъырхэр ягъэжэпхъ. Тхъу къэплъам халъхьэри, псынщIэу зэIащIэурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. АдэкIэ псывэ тIэкIу щIакIэри, дакъикъэ зытхухкIэ тебащхьэр тепIауэ ягъэбэкхъ. ИтIанэ халъхьэ шыбжий хэлъу ягъэлыбжьа бжьыныщхьэр, тебащхьэр трапIэжри, аргуэру дакъикъи 2 - 3-кIэ ягъэбэкхъ. Абы халъхьэ тыкъыр цIыкIуурэ упщIэта кIэртIоф, шыгъу, шыбжий, шатэ, тебащхьэр трапIэжри, хьэзыр хъуху ягъэбэкхъ. Пэшхьэкум къытрахыж, джэдгын хагъэщащэри, тебащхьэр тепIауэ дакъикъи 2 - 3-кIэ щагъэт. Iэнэм щытрагъэувэкIэ зэрызэщIэлъу тепщэчым иралъхьэ. Яшх пщтыру, пIастэ, мырамысэ, чыржын, мэжаджэ - щхьэж зыхуейр и гъусэу.



***Халъхьэхэр (цIыхуищ Iыхьэ):***

джэдылу - грамм 500,
кIэртIоф укъэбзауэ - грамм 300,
тхъууэ - грамми 100,
бжьыныщхьэу - грамм 70,
псывэу - грамми 100,
шатэу - грамм 200,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис**.

● Чэнджэщхэр

## Акъылыр жан зыщIыр

✦**Шыбжий сыр зышхрей цIыхур акъыл жан мэхъу.**
✦**Зи бзэгу къихуахэм джэдгын ущэба жьэдагъэщащэри, я жьэр зэтепIауэ щагъэтщ и ибжьэныр иухыхукIэ, итIанэ къыжьэдадзыж. Ар щащIыр гъуэлъыжыгъуэм и дежщ.**
✦**Шыл, бабыщыл, къазыл пшэрхэм къыхащIыкI шхыныгъуэхэр, абы я дагъэр сэбэп яхуохъу щIыIэ зыхыхьахэм, жьы зыхуримыкъухэм, жьэн уз зиIэхэм.**
✦**Нартыху пIастэ хуабэрэ бжьыныщхьэ укъэбзарэ шыгъум хагъауэурэ зышхрейхэр фIыуэ мэжей, абы лъыр фIыуэ зэрегъакIуэ, нэкIу зэлъахэми зрегъэшэщIыж.**

◆**Адыгэ жьэгум и тетыр унэгуащэращ.**
◆**Ди къэкIуэнур къэзышэр щIы хъурейращ, ар зышэжри ардыдэрщ.**
◆**Ахъшэ зи мащIэм бохъшэ зэрихьэркъым, бохъшэ зезыхьэр ахъшэ зи хъушэрщ.**
◆**ФIыгъуэу щыIэм нэхърэ нэхъыфIщ, абы апхуэдэ бзаджэнаджагъэ ищIэну си фIэщ хъуркъым - къыпхужаIэмэ.**
◆**Уи мыIуэху зепхуэнри Iуэхум щыщщ.**
◆**Адэ-анэм емыдаIуэм, гуIэу гъащIэр ехь.**
◆**Фызыр унагъуэм щытепщэмэ, жьы уаер абы къыщопщэ.**
◆**Гуащэ пхуэхъунум еплъи, итIанэ и къуэм дэкIуэ.**
◆**ЦIыхубзхэр псори лъапIэ защIэщ, ауэ анэхэр псом нэхърэ нэхъ лъапIэжщ.**
◆**Си анэр си гъусэмэ, уэсым сыхэсми содэ, - жеIэ быным.**
◆**Гуащэр щытепщэм пщыр щеудыхащ.**

● Псалъэ пэжхэр

## Адэ-анэ мыхъумыщIэхэри бын хъуащIа щогугъ

◆**Гуащэ задэрэ нысэ ямыдэрэ щымыIамэ арат.**
◆**Адэ-анэ мыхъумыщIэхэри бын хъуащIа щогугъ.**
◆**Анэхэр унэ уэздмэ, адэхэр щIэгъэкъуэныфIщ.**
◆**Анэ псалъэм елъэпауэр щIы джафэми щылъэпэрапэущ зэрытетынур.**
◆**Сэ сызэрыгубзыгъэр сощIэж, ауэ адрейхэм ящIэркъыми аращ сыщIэгузавэр.**
◆**ГъащIэм нэхъ егъэджакIуэшхуэ щыIэкъым, ди сабиигъуэ дыдэм щыщIэдзауэ дыпсэуху ди егъэджакIуэр аращ.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Нобэ хуэдэу адыгэкъуэр ... пхылъэту щытыгъакъым» - ЩоджэнцIыкIу Алий и «Къамботрэ Лацэрэ» романым и щIэдзапIэ. **4**. Шы дахэ ... **6**. Космонавтхэр здэлъатэ щIыпIэ жыжьэ. **7**. Прибалтикэ къэралхэм ящыщ зым и къалащхьэ. **8**. Бгырыпхыщхьэ. **9**. АбыкIэ хьэм уеуэкIэ гъыркъым. **11**. ЩIыпIэ хуабэхэм щыIэ хьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ. **14**. Колхозым гъатхэ ...-сэныр зэфIигъэкIащ. **15**. Абы хакIуитI щIэзэгъэнукъым. **16**. ... вы бжьакъуэм къокI. **17**. Танэ мэжэлIам и бу ... Iуэм къиIукIащ. **19**. Хэтхэ я унэ ... тес? **20**. Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **21**. Зыми имылъэгъуами, апхуэдэ пэшэгъу зиIэ цIыху щыIэу яIуатэ. **22**. Бахъсэн районым щыщ къуажэ. **24**. А бэнэкIэ лIэужьыгъуэмкIэ Путин СССР-м спортымкIэ и мастерщ. **26**. Ди гъунэгъу лъэпкъ. **27**. Хъыджэбз цIыкIу хьэпшып.

***Къехыу:*** **2**. Iэпслъэпс. **3**. IэпапIэ фIыцIэ жьгъейхэр зыхэс цIыв цIыкIунитIэ къэзылъэтыхь. **4**. ЦIыхубзыцIэ. **5**. ... закъуэ мэз хъуркъым. **9**. Гъуэгум иIэ кумблIэмбхэр. **10**. Нысэ къызыхуашам ехъуэхъу хабзэщ: «Къуэ бын ... фхухъу». **12**. Iэпслъэпсым щыщ. **13**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ. **17**. Хьэлу, хьэтыкъ, чыржын, ... **18**. ХъумпIэцIэдж Iуащхьэ. **23**. Джыдэм нэгъуэщIу зэреджэ. **25**. НысащIэр къызыхэкIа лъэпкъ, унагъуэ.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ**.




***Мазаем и 11-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***Къехыу:*** **1**. СищI. **2**. Етхьэлэ. **3**. ФIыр. **5**. Пхуэмыфащэ. **6**. МыпхъэнкIри. **8**. Укъащтэу. **9**. Ущымытхъу. **14**. Къапшэр. **18**. Баш. **19**. Куэд.
***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Хуимытыжыр. **7**. Шхум. **10**. Зыш. **11**. Акъылищэ. **12**. Бынищэ. **13**. Емынэм. **15**. Дзэгъащтэ. **16**. Пщы. **17**. Ари. **20**. КIапсэшхуэм.

● ГушыIэхэр

### Сыхэмытми ирикъуркъэ?

Инджылызыбзэмкlэ егъэджакIуэр щIалэ цIыкIум йошхыдэ:
- Си дерсым умыхьэзыру щхьэ укъакIуэрэ? Инджылызыбзэр щхьэ пфIэмыгъэщIэгъуэнрэ? Абы дуней псом цIыхуу тетым и ныкъуэр иропсалъэ!
- АтIэ сэ сыхэмытми ирикъуркъэ ар! Куэдыщэщ!!!

### КъыслъэщIыхьакъым

ЩIалэ цIыкIур школым къикIыжауэ и анэм жреIэж:
- Мамэ, нобэ классым щIэс псоми мастэ хаIуащ, узыфэ гуэрхэр къапкърымыхьэн щхьэкIэ.
- Хъарзынэщ! Угъауэ къыщIэкIынкъым, инышхуэ ухъуащ.
- Сыгъакъым, умыгузавэ. КъыслъэщIыхьахэкъым, сыкъыщIэпхъуэжати.

### ФIыр хэзагъэм еплъ

ЗэщхьэгъуситIым я сабий цIыкIур яхуэжейртэкъыми, цIыхубзым жеIэ:
- Уэрэд жесIэмэ, нэхъ жеину пIэрэ-тIэ?
- Хьэуэ, - жи лIым. - ЯпэщIыкIэ фIыкIэ ухэзагъэрэ ухэмызагъэрэ еплъ.

### Махуэу згъуэтакъым

Пщыхьэщхьэм Дизыкъуажэ и шыдыжьыр имыгъуэтыжу къыдыхьэжащ. Жэщыбгым нэсауэ, пщIантIэм Iэуэлъауэ гуэр къыщыIуащ.
- Си шыдыжьыр къэкIуэжауэ къыщIэкIынщи, щIэзгъэхьэжынщ, - жиIэри ар унэм къыщIэкIащ.
IэуэлъауэР къыздиIукIыр шыдыр здэщыт хабзэмкIэти, абыкIэ кIуащ. ДыгъуакIуэхэр шыдым лъыхъуэу абы щIэту щилъагъум:
- Сэ махуэу сылъыхъуэри, згъуэтыжакъым, фэ жэщу вгъуэтын фи гугъэрэ а си шыдыжьыр? - жиIэри, Дизыкъуажэ унэм щIыхьэжащ.

# Нурыр къызыщхьэщих сурэтхэр

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

**СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, и пэшищым щагъэлъагъуэ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, Творчествэхэмкlэ дунейпсо академием хэт, «Золотая палитра» дунейпсо выставкэм и лауреат Аккизовэ Сиярэ иужьрей илъэсхэм и Iэдакъэ къыщIэкIа лэжьыгъэхэр. Ар къызэрагъэпэщащ сурэтыщIыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъум и щIыхькIэ.**

- СУРЭТ щIыным къыхуигъэщIа Сиярэ тыгъэ къытхуищIащ мы выставкэ щIэщыгъуэр. И дэтхэнэ лэжьыгъэри гъэщIэгъуэнщ икIи зыми хэгъуащэркъым, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Iэминэ, выставкэр къыщызэIуихым. - Абы и щхьэгъусэ, художник Iэзэ Екъуби дигу къэдгъэкIыжыну и чэзущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я гъэтIылъыгъэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIщ цIыхубэм дахагъэрэ гуапагъэкIэ ядэгуашэ Аккизовхэ я унагъуэ дахэр.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч Аккизовэм зыхуигъэзащ иджыри илъэс куэдкIэ республикэм и сурэтыщI гъуазджэм зезыгъэужь и IэдакъэщIэкIхэмкIэ дигъэгуфIэну, икIи и лэжьэгъу



депутатхэмрэ езымрэ къабгъэдэкIыу гуапэу ехъуэхъуащ.

Выставкэм хагъэхьа сурэт пщIы бжыгъэхэм купщIэ зэращIэлъымрэ абыхэм узэрагъэгупсысэмрэ и псалъэм къыхигъэщащ икIи ар къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ КъБР-м и Парламентым ФизкультурэмкIэ, спортымрэ туризмэмкIэ и комитетым и унафэщI Бэрэгъун Арсен. КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, жылагъуэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым хэт Бечеловэ Людмилэ фIыщIэ яхуищIащ сурэтыщIыр зыгъэлъапIэхэм. Ар Аккизовэ Сиярэ ехъуэхъуащ узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ щымыщIэну.

- Си анэм и зэфIэкIхэм срогушхуэ икIи сыт щыгъуи си хъуэпсапIэщ абы срещхьыныр! - жиIащ Сиярэ ипхъу сурэтыщI Имарэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм къыщыпсэлъахэм жаIащ Аккизовхэ я сурэтыщIхэм я лэжьыгъэхэм нурыр къазэрыщхьэщихыр, а лэжьыгъэхэр цIыхубэм ягу зэрыдыхьэр, зэпымыууэ щIэупщIэ зэраIэм я пщIэр нэхъри зэригъэлъапIэр. КъыжыIапхъэщ, Сиярэ республикэпсо, урысейпсо, союзпсо, хамэ къэрал (Польшэм, Болгарием, Германием) выставкэхэми зэрыхэтар. Налшык, Псыхуабэ, Киев, Тбилиси, Мэхъэчкъалэ, Грознэм, Москва щигъэлъэгъуа и лэжьыгъэхэр куэдым гукъинэж ящыхъуащ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей Академием и академик, профессор, ксилографиемкIэ школыр къызэзыгъэпэща икIи абы и унафэщI Пащты Герман, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Къаныкъуэ Жаннэ.

Аккизовэ Сиярэ фIыщIэ яхуищIащ псалъэ гуапэ къыхужызыIахэмрэ и выставкэм зыкърезыгъэхьэлIахэмрэ. Гъэлъэгъуэныгъэр гъатхэпэм и 6 пщIондэ екIуэкIынущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Алыдж-урым бэнэкIэ



Кабалоев Виталий



БищIо Астемыр

# Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ пелуанхэр

**Башкортостаным и къалащхьэ Уфа мазаем и 7 - 9 махуэхэм щекIуэкIащ Урысей Федерацэм алыдж-урым бэнэкIэмкIэ и чемпионат. Абы къэралым и спортсмен нэхъыфIу 320-м нэблагъэ хэтащ. Ди щIалищым дыщэ медалхэр зыIэрагъэхьащ, зым дыжьыныр лъысащ, иджыри плIым домбеякъыр къыхуагъэфэщащ.**

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и япэ махуэм дигъэгуфIащ балигъхэм япэу яхыхьа **БищIо Астемыр**. Килограмм 63-м нэс зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм абы и хьэрхуэрэгъу псори щыхигъэщIащ. КIэух зэIущIэм къыщыпэщIэуващ и лъахэгъу, балъкъэр бэнакIуэ цIэрыIуэ **Локьяев Жамболэт**. Астемыр абы къыпимыкIуэтам и закъуэкъым, атIэ 4:1-уэ ефIэкIри, Урысей Федерацэм и чемпион хъуащ.

КъыкIэлъыкIуэу дагъэгушхуащ **Кабалоев Виталийрэ Гъуэныбэ Iэуесрэ**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Уэзрэдж къуажэм къыщалъхуа осетин щIалэм нэхъ псынщIэ дыдэхэм я зэпеуэм, килограмм 55-рэ зи хьэлъагъхэм я деж, къыщыпэлъэщын къыхэкIакъым. Дыщэм щыщIэбэна кIэух зэIущIэм ар 4:0-у щытекIуащ Новосибирск щыщ бэнакIуэ лъэщ Ведерников Виктор икIи еплIанэу къэралым и чемпионыгъэр зыIэригъэхьащ. Нэхъапэм ар къехъулIат 2018, 2019, 2020 гъэхэм.

А хьэлъагъ дыдэм домбеякъ медалыр къыщихьащ **Улбаш Iэдэм**. Мы зэхьэзэхуэм ар щыбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Москварэ я цIэкIэ.

Гъуэныбэ Iэуес килограмм 82-м нэблагъэ зи хьэлъагъхэм я зэпеуэм псоми щефIэкIащ. Финалым ар 5:1-уэ щытекIуащ Ульяновск областым щыщ Юнусов Рафаэль. Ещанэ увыпIэр а хьэлъагъым щиубыдащ **Псэун Станислав**.

КъищынэмыщIауэ, домбеякъ медалыр яIыгъыу Башкортостаным къикIыжащ **Гъэужьей Iэдэмрэ Тен Астемыррэ**. Зыр щыбэнащ килограмм 67-м нэблагъэхэм, адрейр - килограмм 97-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж.



Гъуэныбэ Iэуес и хьэрхуэрэгъур тредзэ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# Гъуэгухэр егугъуу пхашащ

● Гъэсэныгъэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и полицейхэм, дидактикэ карточкэхэр къагъэсэбэпурэ, зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр хуагъасэ гъуэгум шынагъуэншэу щызекIуэным.**

ТЭРЧ районым и лъэсырыкIуэ ныбжьыщIэхэм шынагъуэншэ маршрут хузэтраухуэри, ягъэджэгуурэ гъуэгу дамыгъэхэр ирагъэщIащ.

Къэрал автоинспекцэм и лэжьакIуэхэм, Урысей МВД-м Тэрч районым щиIэ къудамэм балигъ мыхъуахэм я Iуэхухэмкlэ и инспекторхэр ящIыгъуу Акъбащ Ипщэ къуажэм и курыт еджапIэм зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэм щадэлажьэ и къудамэм и гъэсэнхэм драгъэкIуэкIащ абы хуэунэтIа Iуэху щхьэпэ.

Сабийр шынагъуэншэу зекIуэнымкIэ нэхъыщхьэр езым гъуэгу хабзэхэр ищIэу, здэкIуэр, зэрыкIуэну щIыкIэр зэтриухуэфу щытынырщ, зыри зэран къыхуэмыхъун хуэдэу сакъынырщ. ЦIыкIухэр абыхэм хуагъэIущын папщIэ полицейхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ къагъэсэбэпащ дидактикэ карточкэхэр. Ар я дэIэпыкъуэгъуу сабийхэм ирагъащIэ гъуэгу дамыгъэхэм я мыхьэнэр, уэрамхэр зэрыукъуэдия щIыкIэр икIи шынагъуэншэу щызекIуэну «унэ - еджапIэ - унэ» маршрутыр зэтеухуэныр.

Гъэсэн цIыкIухэм зэрызекIуэну гъуэгухэр егугъуу пхашащ, нэхъ тыншыр, нэхъыщхьэращи, шынагъуэншэр къыхахащ. Акцэм хэта цIыкIухэм къащIащ шынагъуэншэ бгырыпххэр къэгъэсэбэпыным сэбэпынагъыу пылъыр, езы цIыкIухэми яхузэфIэкIащ автошэнтжьейм зрапхэну.

ЗэIущIэм и кIэухыу полицэм и лэжьакIуэхэм ныбжьыщIэхэм иратащ гъуэгу хабзэхэр ягу къэзыгъэкIыж карточкэ щхъуэкIэплъыкIэхэмрэ жэщым уэздыгъэ нэху щытридзэкIэ къаблэ хьэпшыпхэмрэ.

**БАХЪСЭН Ланэ.**



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.669 • Заказыр №337

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымым и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, егъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А